УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№14 (13876)

2024 гъэ, мазаем (февралым) и 29, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Щэнхабзэм и лэжьакIуэхэм я Махуэм

**ПщIэ зыхуэтщIу Къэрэшей-Черкесым и щэнхабзэм и лэжьакIуэхэ!**

**Ди гум къыбгъэдэкIыу фи IэщIагъэ МахуэмкIэ дывохъуэхъу!**

*Ди республикэм щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ щыIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэм, лъэпкъ зэхуэмыдэхэм, абыхэм ижь-ижьыж лъандэрэ зэрахьа хабзэхэм Къэрэшей-Черкесыр лъэпкъыбэ Урысейм и хэгъуэгухэм я нэхъ къулейхэм, зэмыфэгъухэм, удэзыхьэххэм языхэз ящI.*

*Абы щыхьэт тохъуэ Москва къалэм ВДНХ-м щекIуэкI «Россия» Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-форумым Къэрэшей-Черкесым и щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ экспозицэр хьэщIэхэм къазэрыщыхъуар.*

*Къыхэгъэщыпхъэщи, адэжьхэм къытхуагъэна щIэиныр дыхуэсакъыу зетхьэми, хэгъуэгур зэманым догъуэгурыкIуэ, зеужь. Ди республикэр къулейщ цIыху гъуэзэджэхэмкIэ: къэфакIуэхэр, сурэтыщIхэр, театр гъуазджэм хэтхэр, литературэм, сурэт щIыным елэжьхэр... Я мыхьэнэр инщ адэжь щIэиным щыгъуазэ дыхуэзыщIхэми — музейхэм, библиотекэхэм, щэнхабзэмкIэ хэщIапIэхэм, филармониехэм, нэгъуэщIхэм щылажьэхэм.*

*Федеральнэ, хэгъуэгу программэхэр дгъэзащIэкIэрэ, районхэм, къалэхэм щэнхабзэмкIэ Унэхэр, фестивалхэр, зэхьэзэхуэхэр къызэдгъэпэщкIэрэ, хэгъуэгум тлъэкIыр щыдощIэ псэ лъапIэныгъэхэр цIыхухэм зэрахьэн папщIэ.*

*Мы махуэм фIыщIэ яхудощI махуэщIыр зэхьэлIа дэтхэнэми. Гукъыдэж, лъэкIыныгъэ, фи гум къридза гукъэкI дахэхэр къывдэхъуну дывохъуэхъу! МахуэщIымкIэ!*

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и тхьэмадэ**

ЗэIущIэ — Москва къалэ

# «Ди Iуэхухэм кууэ хещIыкI»

**Москва къалэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ.**



Хэгъуэгум и лIыщхьэр къытеувыIащ КъЧР-м и социально-экономикэ зыужьыныгъэмрэ дяпэкIэ къапэплъэ Iуэхухэмрэ.

Владимир Владимирович къыхигъэщащ республикэр ипэкIэ зэрыкIуатэр, зэрызиужьыр. Президентым гу лъитащ промышленнэ, мэкъумэш хъызмэт производствэм и къэухьыр нэхъ ин зэрыхъум, туризмым жыджэру зэрызиужьым. Республикэм и лэжьапIэншэхэр хуэдитIкIэ нэхъ мащIэ зэрыхъуар къыхилъытащ.

Темрезов Рэшид Президентыр щигъэгъуэзащ инвестицэхэм процент 18-кIэ зэрыхэхъуам. КъЧР-м и экономикэ зыужьыныгъэм и Моделым и къэухьхэм иту, илъэсищым республикэм къыщызэрагъэпэщын хуейщ лэжьапIэ IэнатIэ минищым щIигъу, икIи хэгъуэгур а къалэным полъэщ.

Ирипсэлъащ ухуэныгъэ Iуэхухэми. Республикэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщхьэхукIамкIэ, Урысей Федерацэм и вице-премьер Хуснуллин Марат и унафэм щIэту оперативнэ штабым и къэпщытэжыныгъэ зэIущIэм щагъэбелджылащ цIыху къэс хуэзэ псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ бжыгъэмкIэ ди хэгъуэгур пашэхэм зэрахыхьар. ПсэупIэхэм я бжыгъэр зэрыхэхъуам щхьэпащ социальнэ догазификацэри.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм Урысей Федерацэм и Президентым фIыщIэ хуищIащ унагъуэм и Илъэсыр къэгъэщIыным хуэгъэзауэ унафэ къызэрихьам папщIэ. Ди республикэмкIэ абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, сабийуэ къэхъур куэдщ. Илъэс къэси нэхъыбэ мэхъу сабий куэд зыщIэс унагъуэхэр.

Ику ит гъащIэ кIыхьагъымкIэ Къэрэшей-Черкесыр Урысей Федерацэм ехэнэ увыпIэм щытщ. Федеральнэ Правительствэм щIыгъуу республикэ къулыкъухэр пылъщ Президентым игъэува къалэныр – цIыху гъащIэм и ику ит кIыхьагъыр 2030 гъэм ехъулIэу илъэс 80-м щIегъэгъуныр – гъэзэщIэным.

Хэгъуэгум и Iэтащхьэм Президентыр щигъэгъуэзащ СВО-м хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ зэрадэIэпыкъум. ХэгъэщхьэхукIауэ лэжьыгъэ драгъэкIуэкI унагъуэхэм. А лэжьыгъэр республикэ унафэщIхэм я нэIэм щIагъэкIынукъым. Абы щIыгъууи ядэлэжьэнущ Луганск ЦIыхубэ Республикэм и Старобельскэ районым.

Лъэныкъуэхэр къытеувыIащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщIэным и къэухьхэм иту ирагъэкIуэкI лэжьыгъэми. Псалъэм папщIэ, 2018 гъэм щегъэжьауэ, республикэм щаухуащ псэуалъэ 486-рэ, а лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ. Хэгъуэгум и Iэтащхьэм Президентым фIыщIэ хуищIащ Драматическэ театрыр ухуэнымрэ еджапIэхэр капитальнэу зэгъэзэхуэжынымкIэ программэр гъэзэщIэнымрэ я IуэхукIэ къызэрыдэIэпыкъум папщIэ.

Президентыр арэзы техъуащ хэгъуэгум и Iэтащхьэм апхуэдэ дыдэ программэ сабий IыгъыпIэхэмкIи къэгъэщIыным теухуауэ ищIа къыхэлъхьэныгъэхэм.

— Си гум, си псэм къабгъэдэкIыу сыхуэарэзыщ Владимир Владимирович, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм епха Iуэхухэм кууэ зэрыхэплъэм папщIэ. Абы мы зэIущIэм и къэухьхэм иту ищIа дэтхэнэ пщэрылъри – цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным, дэркIэ мыхьэнэ зиIэ къалэнхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ тчы, мыхьэнэшхуэ зиIэ лъэбакъуэщ, — къелъытэ хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Хэхыныгъэхэм хуэкIуэу

# ФIагъ лъагэ иIэу



**Мы гъэм, гъатхэпэм (мартым) и 15-17 махуэхэм екIуэкIыну хэхыныгъэхэм хуэкIуэу, мазаем (февралым) и 15-м КъЧР-м и Жылагъуэ палатэм зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар иригъэкIуэкIащ граждан жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ цIыхум и хуитыныгъэхэмрэкIэ УФ-м и Президентым егъэщIылIауэ лажьэ Советым хэт, «Независимый общественный мониторинг» (НОМ) Ассоциацэм и тхьэмадэ БРОД Александр.**

ЗэIущIэм хэтащ НОМ-м и экспертхэр, мобильнэ, мониторинговэ, юридическэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ гупхэм къабгъэдэкIахэр, Жылагъуэ палатэм кIэлъыплъакIуэхэр гъэхьэзырынымкIэ гъэсакIуэ-егъэджакIуэхэр.

Брод Александр и къэпсэлъэныгъэм и гуапэу къыщыхигъэщащ Къэрэшей-Черкесым и Жылагъуэ палатэр Ищхъэрэ Кавказым зэрыщыпашэр, Урысей Федерацэм дежи бжьыпэ сатырхэм зэрахэтыр.

— ДызыхуэкIуэ хэхыныгъэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ. АтIэ, дэ Iэ хуэтIэтынущ ди къэкIуэнум, зэпIэзэрытыныгъэм, къэралым и зыужьыныгъэм, лъэпкъ куэду зэхэт ди къэралышхуэм ифI тхъумэным, дгъэбэгъуэным, — жиIащ Александр Семенович.





Къызэхуэсахэм я пащхьэ экранышхуэмкIэ щигъэлъэгъуащ хэхыныгъэхэм яхьэлIа щытыкIэхэр, гу зылъытапхъэр, хэхыныгъэ махуэхэм къэхъункIэ хъуну хабзэкъутэныгъэхэр, нэгъуэщIхэри. Къыхигъэщащ къэралым щыпсэу дэтхэнэри, и социальнэ статус, и узыншагъэ, зыщыпсэу, здэщыIэ щIыпIэ емылъытауэ, хэхыныгъэхэм хэтынымкIэ лъэкIыныгъэ яIэпхъэу хабзэм къызэригъэувыр, апхуэдэ я конституцэ хуитыныгъэр зэфIагъэкIынымкIэ щытыкIэ псори къахузэгъэпэщын зэрыхуейр. Хуабжьу егупсысауэ бгъэдыхьэнущ зи узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэхэми, зи ныбжьыр фIыуэ хэкIуэтахэми, щIыпIэ пыIудзахэм щыпсэухэми Iэ яIэтыфыным.

Брод Александр республикэм и хэхыпIэ участкэ зыбжанэ къиплъыхьагъэххэщ, адэкIи а лэжьыгъэм пащэнущ. ЖиIащ КъЧР-м и ХэхакIуэ комиссэм и пашэ Абазалиевэ Ларисэ зэрыIущIар икIи къыхигъэщащ фIагъ лъагэ зиIэ лэжьыгъэшхуэ зэрырагъэкIуэкIар, хэхыныгъэм ехьэлIа щытыкIэ псори тыншу къагурыIуэу хэхыныгъэхэм зэрыхуэкIуэр.

↷ 2

Махуэщым къикIыу



Мазаем и 23-м, Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм, республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ фэеплъ, нэгузыужь Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкIащ.

Черкесск къалэм, ТекIуэныгъэм и Паркым, ЛIыхъужьхэм я Аллеем ит фэеплъ сынхэм удз гъэгъахэмрэ блэрхэмрэ щагъэтIылъащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергейрэ. Щапхъэ дахэ щIэблэм яхуэхъуу, абыхэм ягъусащ я бынхэри.

Республикэм и муниципальнэ къэхъугъэхэми махуэщIым теухуауэ нэгузыужь, хэкупсэ гъэсэныгъэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхухэр къыщызэрагъэпэщащ.

Апхуэдэу, Адыгэ-Хьэблэ районым «Мы видим в вас героев славных!» зыфIаща махуэщI концертыр щрагъэкIуэкIащ. Районым и къэфакIуэ гупхэмрэ уэрэджыIэхэмрэ къызэхуэсахэм я пащхьэ зыкъыщагъэлъэгъуащ.

Хьэбэз къуажэм дэт щэнхабзэмкIэ Унэми пшыхь гъэщIэгъуэн щызэхашащ. Ар къызэрагъэпэщащ Хьэбэз къуажэм дэт курыт еджапIэм и егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэхэмрэ. Пшыхьым щыIуащ Хэкур фIыуэ лъагъуным, хахуагъэ зехьэным, къулыкъум пщIэ хуэщIыным, унагъуэр хъумэным теухуа уэрэдхэр.

Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм ехъулIэу, районхэм я еджапIэхэм зауэ-хэкупсэ, зыхъумэжыныгъэ лэжьыгъэхэр, зэпеуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щрагъэкIуэкIащ.





# ЛIыхъужьыгъэр ягъэщыпкъэу

КъинэмыщIауэ, СВО-м щыIэ ди сэлэтхэм еджапIэм и лэжьакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ зэхуахьэса хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр хурагъэшащ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

IуэхущIапIэщIэ

# Узыншагъэм ирагъэфIакIуэ

Малокъэрэшей районым поликлиникэщIэ къыщызэIуахащ. Абы хэтащ УФ-м и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ, федеральнэ Минздравым и пашэ Мурашко Михаил, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид сымэ. ГуфIэгъуэр екIуэкIащ видеоконференц зэпыщIэныгъэ щытыкIэм иту.

ЖыIэпхъэщи, «Модернизация первичного звена здравоохранения» программэр и лъабжьэу поликлиникэщIэхэр къыщызэIуаха хэгъуэгуищым языхэз хъуащ Къэрэшей-Черкес Республикэр.

Республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэр гуащIафIэу зэрыщекIуэкIым теухуа фIыщIэ псалъэхэр жиIащ Мурашко Михаил.

А псалъэхэм пэджэжу, КъЧР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым, Правительствэм ди хэгъуэгум къыхуащI гулъытэмрэ къэрагъэз дэIэпыкъуныгъэмрэ.

**Ди корр.**

Социально-экономикэ

# Хэгъуэгум и зыужьыныгъэ

**Москва къалэм лэжьыгъэ IуэхукIэ щызэIущIащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшидрэ УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и унафэщI Матвиенко Валентинэрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ Къэрэшей-Черкесым 2023 гъэм игъуэта социально-экономикэ зыужьыныгъэм, къэкIуэнум хуэгъэзауэ яIэ мурадхэм.**

ФедерацэмкIэ Советым и спикерым уасэфI иритащ республикэм и къуажэхэм я комплекс зыужьыныгъэм и программэр гъерэтыфIэу зэрагъэзащIэм. АтIэ, иужьрей илъэсхэм еджапIэ куэд яухуащ, зэрагъэзэхуэжащ. ИджыкIэ сабийхэм загъэпсэхунымрэ я узыншагъэр зэфIэгъэувэжынымрэ яхуэлажьэ инфраструктурэр зэманым тегъэпсыхьыным и программэр ягъэзащIэ.

Матвиенко Валентинэ къызэрыхигъэщамкIэ, мыхьэнэшхуэ иIэщ къуажэхэм щылажьэ IэщIагъэлIхэр къэгъуэтауэ абыхэм я лъэкIыныгъэхэр къэгъэсэбэпыным.

Республикэм и унафэщIым Валентинэ Ивановнэ щигъэгъуэзащ Урысей Федерацэм и Президентым и социальнэ хьэрычэтхэр зэрагъэзащIэм и саулыкъукIэ цIыхухэм я псэукIэр зэрефIакIуэм, къуажэхэм дэкIхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ зэрыхъуам: яухуэ сабий IыгъыпIэхэр, еджапIэхэр, фельдшер-акушер пунктхэр, физкультурэ-зэIэзапIэ комплексхэр, щэнхабзэмкIэ Унэхэр.

**АЛЪЭСЧЫР Мухьэз**

Егъэджэныгъэ — Социальнэ гъащIэ

# ЕджапIэхэр зэрызэтрагъэпсыхьыжым

КЪЭРЭШЕЙ-ЧЕРКЕСЫМ и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид хэтащ Урысей Федерацэм и Президентым еджапIэхэр капитальнэу зэрызэрагъэзэхуэжым теухуауэ хэгъуэгухэм видеоконференц зэпыщIэныгъэ гъэпсыкIэкIэ ядригъэкIуэкIа зэIущIэм.

— Дэ къэралым и Iэтащхьэм фIэхъус етхащ Совет Союзым и ЛIыхъужь, Матросов Александр и хахуагъэр къытезыгъэзэжа, Совет Союзым и ЛIыхъужь Кумуков Хьэлмырзэ и цIэр зезыхьэ Икон-Хьэлъкъ къуажэ еджапIэм дыщIэту, — и телеграм-каналым щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм.

Къэралым и лIыщхьэм жраIащ мы еджапIэм «20 лет спустя» хабзэр зэрыщызекIуэр. Абы ипкъ иту, ар къэзыухахэр жыджэру хэтщ еджапIэм и гъащIэм. Президентым Урысей Федерацэм егъэджэныгъэмкIэ и Министерствэм пщэрылъ хуищIащ Урысейм и еджапIэхэм я хабзэ гъэщIэгъуэнхэр зэрыкъэралу къыщагъэсэбэпыну.

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм Урысейм и Президентым фIыщIэ хуищIащ мыхьэнэ зиIэ къэрал программэхэр ди щIыналъэм зэрыщагъэзащIэм папщIэ. Псалъэм и жыIэгъуэкIэ, апхуэдэ программэхэм ящыщщ еджапIэхэр капитальнэу зэрызэрагъэзэхуэжыр. Илъэситым къриубыдэу ди хэгъуэгум щызэрагъэзэхуэжащ еджапIэ 48-рэ. Иджыри 18-м капитальнэ зэтегъэпсыхьыжыныгъэхэр къапоплъэ.

— Къэрэшей-ЧеркесымкIэ мыхьэнэ зыхалъагъуэ а программэм социальнэ къыпэкIуэныгъэфIи иIэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, еджапIэхэм я нэхъыбэр щыIэщ къуажэ щIыпIэхэм. Мыбдежым еджапIэхэр щызэдгъэзэхуэжкIэ, ахэр хьэкъыпIэкIэ мэхъу къуажэм и егъэджэныгъэ, спорт, щэнхабзэ купсэ. Мыбы цIыхухэр унагъуэкIэ къэкIуэфынущ я зэманыр сэбэп хэлъу щагъэкIуэн щхьэкIэ, — къыхигъэщащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэм.

**Ди корр.**

Юбилей

# Диныр и гъуэгугъэлъагъуэу

**«ЦІыху къэс езыр и гъащІэм и ухуакІуэщ», — жеІэ динырылажьэ организацэхэм зэпыщІэныгъэ ядэІыгъынымкІэ УФ-м и Президентым егъэщІылІауэ лажьэ Советым хэт, Ищхъэрэ Кавказым щыпсэу муслъымэнхэм я Координационнэ купсэм и тхьэмадэ, КъЧР-м и ДУМ-м и Президиумым и тхьэмадэ БЕРДИЕВ хьэжы Исмэхьил.**

**Гъэунэхуныгъэхэмрэ гугъуехьхэмрэ къызэринэкІыу пщІэрэ щІыхьрэкІэ зи цІэр зыпсыхьыфа динырылажьэ пашэм, Тхьэм ирещІи, и къекІуэкІыкІам трижыІыкІагъэнщ ар. Апхуэдэу уемыгупсысыну Іэмал иІэкъым и гъащІэм ущыгъуэза нэужь.**

Бердиев хьэжы Исмэхьил и адэ-анэ Алийрэ Зубайдэрэ, дэтхэнэ мэкъумэшыщІэ унагъуэми хуэдэу, лажьэрэ шхэжу мамыру псэут. Зыми иджыри ицІыхутэкъым Хэку зауэшхуэр къэхъеинуи, абы лъэпкъым хьэзаб къахуихьынуи. Ауэ ар къэхъуащ икІи Бердиевхи мы лъахэр ирагъэбгынащ.



1954 гъэм, мазаем и 27-м, Къэзахъстан ССР-м хыхьэ Сайрамскэ районым и Белые Воды жылагъуэм Бердиев зэщхьэгъусэхэм я унагъуэм къихъухьащ Исмэхьил. Ар бынитхум я нэхъыжьт. Бынунагъуэр, адрей я лъэпкъэгъу псоми яхуэдэу, псэзэпылъхьэпІэр я псэукІэ хъуауэ, хамэщІым гугъу щехьт. Ауэ, хэкум и бампІэр псом нэхърэ нэхъ хьэлъэт. Унагъуэхэм я муради, я къэкІуэни зрапхыр къагъэзэжынрат. Апхуэдэт Бердиевхи. Ахэр ирагъэкІыным ипэ къихуэу, 1942 гъэм, зыщыпсэу унэм пэгъунэгъубзэу нэмыцэ топышэр къыщрадзыхри, мащэшхуэ къриудат. А напІэзыпІэм, зылъэгъуахэм зэрыжаІэжамкІэ, нэпсым и къабзагъэр и къабзагъэу псынэпс къыщиудащ. Хэкум щыпэІэщІэм Алий тхьэ иІуауэ щытат зыщыпсэуа Учкекен жылагъуэм зэгуэр къагъэзэжыну я насып къихьыххэмэ, а псынэпсым унэшхуэ щыІуищІыхьыну, псынэм къыхиша псыри а унэм щІишэну. Унагъуэм и хъуэпсапІэр нахуапІэ щыхуэхъуа махуэ насыпыфІэр къахуеблэгъащ, къагъэзэжащ я хапІэжь. Алии и тхьэлъанэр игъэщыпкъэжащ: псынэ Іуфэм унэшхуэ щыІуищІыхьри, псыкІи къызэригъэпэщыжащ...

ЕджапІэ нэужьым Исмэхьил Первомайскэ мэкъумэш техникумым щеджащ. ИужькІэ, къулыкъу ищІами, лэжьапІэ Іутами, щІалэм и нэгум щІэтри, и гум щигъафІэри нэгъуэщІт— ислъам дин щІэныгъэ зэгъэгъуэтынрат. Шэч къытрихьэтэкъым — арат и гъащІэри и къэкІуэнури зытриухуэнур. Апхуэдэу, Узбекистан ССР-м и Бухарэ къалэм дэт «Мир-Араб» мыдрисэм еджакІуэ щІалэщІэхэр зэрыригъэблагъэр щызэхихым, абы щІыхьащ. ЖыІэпхъэщи, СССР псом а зырат ислъам диныр здыщадж еджапІэу итыр. Мыдрисэр ехъулІэныгъэ пылъу къиухащ, ищхьэ теологие щІэныгъэ иІэу, зэуи дзыхь кърагъэзри, Учкекен жылагъуэм и мэжджытым Іимам-хъатыбу лэжьэн щыщІидзащ. И дин щІэныгъэм Ташкент дэт ислъам институтым, зэрыдунейуэ нэхъ лъэрыхь дыдэу къалъытэ «Аль-Азхар» Къаир университетым щыпищащ.

1980 гъэхэм икІэхэм экстремист гупхэр, цІыху щхьэхуэхэр хуабжьу «хэлІыфІыхьт» ислъам диныр ягъэбгъунлъэным, ягъэулъиину хуэгъэзауэ. Апщыгъуэм Ищхъэрэ Кавказым и муслъымэн Уммэр зыуэ къызэрызэтенам, диныр хэутэн зэрымыхъуам Бердиевым и гуащІэшхуэ хэлъщ. Ауэ къару закъуэкІэ, узэпэІэщІэу узыпэмылъэщын бэлыхьт ар. Бердиевым жэрдэм къыхилъхьащ Ставропольемрэ Къэрэшей-Черкесымрэ я муслъымэнхэр зыуэ здызэкъуэтын Духовнэ управленэ къызэгъэпэщынымкІэ.

1991-2011 гъэхэм ар щытащ Ставропольемрэ Къэрэшей-Черкесымрэ я ДУМ-м и Президиумым и тхьэмадэу. 2003 гъэм щыщІэдзауэ нобэр къыздэсым—Ищхъэрэ Кавказым ис муслъымэнхэм я Координационнэ купсэм и тхьэмадэщ. 2011 гъэм щегъэжьауэ КъЧР-м и ДУМ-м и Президиумым и тхьэмадэщ. А илъэсхэм къриубыдэу ДУМ-м нэхъри быдэу и лъэр уващ, и пщІэр пэрыуэгъуншэщ. И ІэнатІэ лъагэхэм, диныр жылагъуэм къабзэу зэрыдиІыгъым я щыхьэтщ илъэс зэхуэмыдэхэм къыхуагъэфэща къэрал нагъыщэхэмрэ щІыхьыцІэхэмрэ. Иужьрейуэ, мы гъэм мазаем и 15-м УФ-м и Президентым и УнафэкІэ, лъэпкъ, дин зэрыІыгъыныгъэм, щІэблэм гъэсэныгъэфІ егъэгъуэтыным хуищІ хэлъхьэныгъэм папщІэ къыхуигъэфэщащ «За заслуги перед Отечеством» е 4-нэ нагъыщэ зиІэ орденыр. КъинэмыщІауэ: 2016 гъэм — ЩІыхьым и орденыр, 2004 гъэм — Зэныбжьэгъугъэм и орденыр, 2008 илъэсым — Шэшэн Республикэм къыбгъэдэкІыу Кадыров Ахьмэт и цІэкІэ орденыр, 2019 гъэм — Азербайджаным къыхуигъэфэща «Дружба» орденыр, Путин Владимир къыб-гъэдэкІа ЩІыхь тхылъыр, КъБР-м, КъЧР-м я пащхьэ щиІэ фІыщІагъэхэм папщІэ орденхэр, нэгъуэщІ куэди.

Ди тхыгъэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэ хъуам хуэдгъэзэжынщи, ар — ди динырылажьэ пашэр мы гъэм мазаем и 27-м илъэс 70 зэрырикъуаращ. КъЧР-м щыпсэу муслъымэнхэм я къады, ДУМ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ Лайпанов хьэжы Муратбий къытхутепсэлъыхьащ Бердиевым и гъащІэм.

— ЩІалэ цІыкІуу и гум диным и жылэхэр къыщежьэри, зыкъаужьащ. Зыдэплъеин, щапхъэ зытрихын нэхъыжьхэри къыкъуэтт. Совет зэманым диным гъуэгу иратышхуэу щытакъым. Арами, а зэманращ зытехуар хьэжы Исмэхьил и еджэнри, и дин гуащІэдэкІыр щришэжьари. Дауэ щымытами, сыт хуэдэ гъэунэхуныгъэ пэщІэмыувами, хиша гъуэгум щытекІа, диным щепцІыжа гъунэгъуу къыхуихуакъым.

**—Диным къинэмыщІауэ, Бердиев Исмэхьил светскэ гъащІэми щыхыхьэхэкІщ, Путин Владимир и пащхьэ йохьэ, и псалъэ щыжеІэ. Апхуэдэу, къэралым и ЛІыщхьэр Москва динырылажьэ пашэхэм щаІущІар дигу къокІыж. Сэлам ярихрэ я Іэхэр иубыдурэ сатырым ирикІуэ Путин Бердиевым деж щынэсам зыгуэр зэжраІащ. Сыт, мыщэхумэ?**

— Ар пэжщ. Динырылажьэ пашэр Іуэхугъуэ мащІэкъым зыхэтыр икІи и хьэл-щэн щыпкъэм теткІэрэ, и гупсысэр имыущэхуу, зыми зыдимыгъэшу къеІуатэ. Езыр и псэлъэгъум фІыуэ йодэІуф. Зэхихар къипщытэжа нэужьщ и псалъэ щыжиІэр. Апщыгъуэми жиІам пхутешынукъым, и Іуэху еплъыкІэр пхуихъуэжынукъым, ар тэрэзу зэрыщытыр ицІыхумэ.

Путин Владимир щыІущІам, протокол зэпсэлъэныгъэм темыту, «Сэлам Аллейкум» жиІащ КъЧР-м къыбгъэдэкІа ди лІыкІуэ-динырылажьэм. Путин Владимир, телевизореплъхэм гу лъыфтащ абы, щІэдыхьэшхыкІащ, уэим ищІакъым.

**— Бердиев Исмэхьил дауэ еплърэ СВО-м, абы ди щІалэхэр зэрыхэтым?**

— Абы и еплъыкІэр и псалъэхэм наІуэ къащІ. «Дэтхэнэ цІыхури и къэралым щІыгъун хуейщ». Абы кърыгъэкІыр аращи, къэралымрэ цІыхубэмрэ зэкъуэтщ, зыщ я унафэр, зыщ я гъуэгур. Хэкур фІыуэ лъагъуныр дин къабзэм къыпыкІ гу-псэ щытыкІэщ.

**— Зэхэзехуэн ящІу хамэщІхэм щыпсэуным ирагъэза, Къэзахъстан къумыщІым къыщыхъуа хьэжы Исмэхьил а псоми и гур пхъашэ ящІакъэ?**

— Еджа, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ цІыхуу щыткІэрэ, хьэжы Исмэхьил, шэч хэлъкъым, апщыгъуэм къекІэрэхъуэкІа псори тыншу зэпешэч, къыгуроІуэ. Ауэ абы къикІкъым къэралым хуэхъущІэу, хузэгуэпу, губжьымрэ мыарэзыныгъэмрэ и гур ягъэзупщІыІуауэ. Бердиев Исмэхьил диным хуиІэ фІэщхъуныгъэ быдэщ абы зэрегупсысыр: Алыхьым и Іизныншэу зыри къэхъукъым, гъэунэхуныгъэ, хэщІыныгъэ, тхьэмыщкІагъэ...—сытри къыдгурыІуэу сабырыныгъэ зыхэдгъэлъын хуейщ.

**— Апхуэдэу еувэлІэфынур хьэл-щэн быдэ зыхэлъ, псэкІэ лъэрыхь цІыхущ.**

— Ди динырылажьэ пашэр апхуэдэщ. Ауэ абы къыдэкІуэуи, и теплъэ уардэм емылъытауэ, ар цІыху щабэщ, хьэрэмыгъэншэщ, угъурлыщ, пэжыгъэм и телъхьэщ. Си унафэщІщ, пашэщ жэуэ езгъэлейуэ жысІэкъым, хэти елъагъу, ецІыху ар зыхуэдэр, сыту жыпІэмэ цІыхум яхохьэ, яІуощІэ, къызэрыгуэкІщ.

**— Илъэс куэд хъуауэ зэгурыІуэрэ зэдэІуэжу муслъымэн Уммэр мэлажьэ, езыри абы и пашэщ. Дзыхьышхуэщ ар икІи хьэлъэщ, шэч хэлъкъым...**

— Пэжщ жыфІэр. Псоми доцІыхуж 1990 гъэхэм щыІа хьэргъэшыргъэхэр, дин зэгурымыІуэныгъэхэр. Лъэпкъхэр зэкъуэуда мыхъунми, зауэбанэ къэмыхъунми, ислъам диныр къабзэу республикэм къыщызэтенэнми, нэгъуэщІ куэдми Бердиев Исмэхьил и гуащІэ ІыхьэфІ хэлъщ. И махуэр зэрыухуам ущыгъуазэмэ, умыгъэщІэгъуэн плъэкІкъым псоми зэрыхунэсыр, псори и нэІэм зэрыщІэтыр. Нобэ мыбдеж щыІэмэ, пщэдей Москва е нэгъуэщІ щІыпІэ жыжьэм къыщыхутэнкІэ зы хуэІуакъым.

**— Муслъымэн жылагъуэм къыщыхъу-къыщыщІэм щыщу сыт хуэдэ лъэныкъуэ нобэкІэ нэхъ фызыгъэгузавэр?**

— Нэхъыщхьэу къыхэгъэщыпхъэщ ену дызытелажьэр — нэщхъеягъуэр дэхыным, сэдэкъэр щІыным халъхьэ егъэлеиныгъэхэмрэ дин хабзэм зыуи емыхьэлІахэмрэ. Зэпымыууэ мы Іуэхум дропсалъэ, дызэІуощІэ, щхьэхуэу фетвэ ДУМ-м къигъэщІащ. Зыгуэри фІы и лъэныкъуэкІэ ипэкІэ кІуэтащ, ауэ псори дызэрыхуей хъуауэ тхужыІэнукъым. Дэтхэнэми къыгурыІуапхъэщ: дунейм утетыху пщІэращ псапэр, ауэ дунейм ехыжам кІэлъащІэж Іуэхухэр псори егъэлеиныгъэу къонэж.

**— СКФО-м и ислъам динырылажьэ пашэхэр зыхэта форумышхуэм езы дыдэм къыщиІэта псалъэмакъым пыддзэкІэрэ: и ІэнатІэр игъэтІылъмэ и пІэ иригъэувэныр хэт нэхъ зыхуэфащэу къилъытэр?**

— Апхуэдэ гупсысэр мызэ-мытІэу къыхилъхьащ Бердиевым. Ауэ дэ арэзыныгъэ етткъым. Ди насыпу къызолъытэ апхуэдэ динырылажьэ губзыгъэ, щІэныгъэкІэ къызыхуэтыншэ зэрыдипашэр. А ІэнатІэр зыІыгъым, атІэ, дин зэрихьэн къудейкъым и къалэныр. Ар федеральнэ утыкуми ихьэфын, нэгъуэщІ хэгъуэгухэм зэпыщІэныгъэ ядиІыгъыфын, и псалъэ щигъэІуфын, гулъытэ абы хуригъэщІыфын хуейщ. ПсынщІэкъым лъэпкъ куэду зэхэт ди хэгъуэгуми диныр къабзэу щызебгъэкІуэныр, ислъам диным куэду зезыта щІалэгъуалэм я щхьэхэм гупсысэ тэрэзхэр щызэтеІыгъэныр. А псори нобэкІэ пылъхьэншэу зыхузэфІэкІ пашэщ Бердиев хьэжы Исмэхьил.

**— Іуэхухэм къыщыдэхуэм сыт зыдихьэхыр хьэжыр? ПщэфІэнми зэрыхуэІэпщІэлъапщІэр доцІыху. И студент илъэсхэм къыщІыгъуахэм ягъэунэхуащ ар.**

— Апхуэдэр, пщэфІэныр, зэзэмызэххэщ абы къыщыхуихуэр. Узбек плов дэгъуэу къохъулІэ. Зэман иІэу къыфхуэзэфатэмэ, абыкІэ дигъэфІэну къыщІэкІынт.

**— И ерыскъы убагъуэ. И унафэ узыншэм муслъымэн Уммэр ипэкІэ игъэкІуатэу, и унагъуэр и жьауэм щІэту гъащІэ кІыхь насыпыфІэкІэ Алыхьыр зыхуэупсэным ящыщ ищІ!**

— Алыхьым жиІэ. Езыри къывэхъуэхъужащ фи Іуэхухэм, фи гуащІэм берычэт къыхилъхьэну, угъурлыгъэ къыпэкІуэу куэдрэ фылэжьэну! Къэралми, жылагъуэми мамырыгъэр щытепщэу, къэзэуатхэмрэ хьэлэбэлыкъхэмрэ щхьэщыкІыну, угъурлыгъэрэ фІылъагъуныгъэрэ щымыщІэну!

**ТУАРШЫ Ирэ**

Хэгъуэгу фестиваль

**Унагъуэмрэ щІалэгъуалэмрэ я Илъэсхэм къриубыдэу, Байрамуковэ Хьэлимэт и цІэр зезыхьэ Къэрал Лъэпкъ библиотекэм и зэхуэсыпІэ пэшым щызэхэтащ «Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэин» фестивалыр.**

# Литературэхэм я щІэин лъапІэр

Фестивалым ипкъ иту екІуэкІа дауэдапщэр гъэщІэгъуэн ищІащ лъэныкъуэгъазэ зэхуэмыдэхэмкІэ лэжьыгъэ къызэрырахьэжьам, псом хуэмыдэу, тхылъ хъумапІэм и лэжьакІуэхэм «Литературная Карачаево-Черкесия» зи фІэщыгъэцІэ библиографическэ хъыбарегъащІэ видео ягъэхьэзыру къызэрагъэлъэгъуам. А проектым и жэрдэмщІакІуэуи и редактор нэхъыщхьэуи къэувар библиотекэм и унафэщІ, Урысейм и тхакІуэхэм я Союзым хэт Хапчаев Сэлыхьщ.



ХъыбарегъащІэ тхылъыр зэхэгъэувэным гуащІэ ин ирахьэлІащ, абы илъэсищым нэсу зэман трагъэкІуэдащ. КъапщтэмэЮ ди республикэр хэгъуэгуу къэзыгъэщІ лъэпкъ нэхъыщхьитхум, тхыбзэ зэрагъуэтрэ, абыхэм тхакІуэу къахэкІам я творчествэмрэ я гъащІэмрэ траухуэу, зыми егъэщхь мыхъун япэ лэжьыгъэшхуэ щалэжьар иджыщ. Проектым адэкІи пащэн я мурадщ.

Щэнхабзэ Іуэхум къыхашащ КъЧР-м лъэпкъ ІуэхухэмкІэ, цІыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкІэ и министрым и япэ къуэдзэ, УФ-м и тхакІуэхэм я Союзым и Къэрэшей-Черкес къудамэм и тхьэмадэ Хубиев Ислъам.

А махуэм, библиотекэм и зэхуэсыпІэ пэшым къыщагъэлъэгъуащ ди хэгъуэгур зэрыбей цІыхубэ щэнхабзэ зэщымыщ: утыкур ягъэбжьыфІащ усэным, театр ІэщІагъэм, уэрэд жыІэным, гъуазджэм зи гъащІэр езыпха цІыху зэчиифІэхэм.

Іуэхум къыхалъытащ Урысейм и тхакІуэхэм я Союзым и хэгъуэгу къудамэм хэт лъэпкъ секцэхэм я унафэщІхэмрэ республикэм и журналистхэмрэ я къэпсэлъэныгъэхэр, къызэхуэсахэр нэІуасэ хуащІащ «Литературэр — жылагъуэм и напэщ, бзэр — лъэпкъым и псэщ» зи фІэщыгъэцІэ, сурэтхэмкІэ гъэщІэрэщІа тхылъым, щагъэгъуэзащ ди хэкуэгъу сурэтыщІхэм, скульпторхэм, УФ-м и художникхэм я Союзым хэтхэм я лэжьыгъэхэм.

— Хуит сыкъэфщІ си щхьэкІи, адыгэ тхакІуэхэм я секцэми, «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсани къыдбгъэдэкІыу фІыщІэ псалъэкІэ ди лэжьэгъухэм зыфхуэзгъэзэну, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я щІэиныр хъумэнымкІэ еш фимыІэу Іуэхушхуэ зэрывгъэкІуатэм папщІэ. Апхуэдэ гуащІэм, фи фІэщ фщІы, уасэфІи гулъытэ ини хуэфащэщ.

Хэгъуэгу библиотекэм деж лъэпкъхэм я бзэхэмрэ литературэхэмрэ хъумэн и лъэныкъуэкІэ Іуэхуу зэфІахым хуэдиз зы щэнхабзэ ІуэхущІапІэми ищІэкъым. А псори и фІыщІэщ тхылъ хъумапІэм и пашэ Хапчаев Сэлыхь и гупым и псэемыблэж гуащІэм.

НобэкІэ адыгэ тхакІуэхэмрэ усакІуэхэмрэ я секцэм хэтщ къалэмым хуэІэижь нэрыбгэ 15, творчествэм илъэс пщІы бжыгъэ хъуауэ етахэри, нэхъ иужьыІуэу тхэн щІэзыдзахэри. Нэхъыжь дыдэм и деж къыщыщІэддзэнщи, ар зауэмрэ журналистикэмрэ я ветеран, тхылъ 30 къыдэзыгъэкІа, илъэс 93-рэ зи ныбжь Даур Жэхьфэрщ. Дэтхэнэри адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэр зыхъумэщ. Абыхэм я нэхъыбэр СССР-м и тхакІуэхэм я Союзым хэтщ.

Сэ зэрыслъытэмкІэ, литераторыр гугъу зыдехьа и лэжьыгъэ къэс цІыху нэхъыбэм щыгъуазэ зэрытщІыным дыпылъыпхъэщ. Сэбэп хъунут лъэпкъ литературэхэр къэзыхутэхэм, краеведхэм, библиотекархэм, студентхэм, курыт еджапІэм щІэсхэм ди тхакІуэхэм я творчествэр нэхъыфІу ядгъэщІамэ. ИкІи, зэрытлъагъущи, а лъэныкъуэращ нобэ къэрал библиотекэм игъэкІуатэ узэщІыныгъэ лэжьыгъэр зэпхар.

Къэрэшей-Черкесым и библиотекэ нэхъыщхьэм — хэгъуэгум и щэнхабзэ гъащІэр здыщекІуэкІ купсэм и лэжьакІуэхэм иджыри творческэ ехъулІэныгъэ нэхъыбэж фиІэну Тхьэм жиІэ! — жиІащ КъЧР-м и цІыхубэ тхакІуэ, УФ-м и тхакІуэхэм я хэгъуэгу къудамэм, адыгэ секцэм къыбгъэдэкІыу фестивалым къыщыпсэлъа Шорэ Ахьмэд.

Нэгъуей драмэ театрым и актерхэм утыку кърахьащ Казаков Валерий и «Къэпталибгъу» повестым къытращІыкІыу ягъэува спектаклым щыщ пычыгъуэ. Абы еплъахэм зыхащІэн ялъэкІащ артистхэм я джэгум хэгъэпщкІуауэ щыта хьэрискхъуэрис щэхухэр, гупцІанагъэр...

Къэрэшей-Черкесым и усакІуэхэм я псалъэхэм макъамэ щІэзылъхьа уэрэджыІэхэми я творчествэмкІэ пшыхьыр ягъэдэхащ: КъЧР-м щІыхь зиІэ и артист Мэремкъул Ачар, абазэ театрым и актрисэ Хужь Людмилэ, республикэ къэрал филармонием и уэрэджыІэхэу Думэныщ Лианэрэ Лахъу Каринэрэ.

Даур Аслъэн и цІэр зезыхьэ, щэнхабзэмрэ гъуазджэхэмрэкІэ колледжым и егъэджакІуэ Чырбыж Белэ пшынэ къахуеуащ, и шыпхъу Аидэ бэрэбанауэу щІыгъуу. Іэгуауэ инкІэ япыкъуэкІащ усакІуэ, бард Зацепилин Сергейрэ уэрэджыІэ Лайпанов Расулрэ я зыкъэгъэлъэгъуэныгъэхэми. Курыт еджапІэхэм щІэс цІыкІухэр кърагъэджащ фІыуэ ялъагъу усэхэм.

Мы гъэм «Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ щІэин» фестивалыр щІрагъэкІуэкІым и мыхьэнэр — ди хэгъуэгум и щэнхабзэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфІ хуэзыщІа усакІуэхэмрэ тхакІуэхэмрэ, артистхэм, сурэтыщІхэм я ІуэхущІафэм библиотекэм и щІэджыкІакІуэхэр нэІуасэ хуэщІынращ.

**ЛЫХЬ Тимур**

СВО — дэІэпыкъуныгъэ

# Зыхуей хуагъазэ

**КъЧР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рэшид къызэригъэпэща, спецоперацэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ ядэІэпыкъунымкІэ Зыуэ щыт хэгъуэгу штабым иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм и пкъы иту, мы махуэхэм гуманитар машинэ яутІыпщащ щыгъын хуабэкІэ, псы къабзэкІэ, зэрызагъэкъабзэ пкъыгъуэкІэ, спецтехникэкІэ уэздауэ.**



Техникэр ди хэкуэгъу зауэлІхэм папщІэ къэзыщэхуар Черкесск къалэм и мэриеращ. Вездеходым къинэмыщІауэ, мэрием къызэригъэпэщащ сэлэти 100-м щІигъум ятехуэ щІымахуэ вакъэхэр, щыгъынхэр, къэзыхъумэ зауэлІ фащэхэр.

Мы гуманитар дэІэпыкъуныгъэр зэхуэхьэсыным и гуащІэ Іыхьэ хэлъщ Ищхъэрэ-Кавказ къэрал академием, абы щеджэ студентхэм ядащ щІагъщІэлъ хуабэу 500. А псоми нэмыщІкІэ, Росреестрым КъЧР-м щиІэ Управленэм къыбгъэдэкІыу къулыкъущІэхэм хуашащ гъуэзкІэ ягъэплъ хьэкухэр.

Мы Іуэхум хэлэжьыхьащ Адыгэ-Хьэблэ, Хьэбэз районхэм я администрацэхэри, республикэм и предприятэ зыбжани. Щхьэж хузэфІэкІым елъытауэ, зауэлІхэм къыхуащтащ нэхъ зыхуэныкъуапхъэ пкъыгъуэрэ псырэ.

ЩІыдгъужынщи, Хэкум и хъумакІуэм и Махуэм ирагъэхъулІэри, ди республикэм лъэпкъыбзэхэмкІэ къыщыдэкІ газетхэмрэ «День республики» газетымрэ зэгъусэу ягъэхьэзыращ зауэлІхэм ятеухуа къыдэкІыгъуэ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Хэхыныгъэхэм хуэкІуэу

# ФІагъ лъагэ иІэу

1↰

ЗэІущІэм и етІуанэ Іыхьэу, Брод Александр журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

**— Къэрэшей-Черкесым уи щыпэкъакІуэкъым. Хэхыныгъэ кампанэм пщалъэ хуэпщІыфыну къыщІэкІынщ.**

— ДызыхуэкІуэ къэрал политикэ къэхъукъащІэ къызэрымыкІуэм ехьэлІауэ лэжьыгъэр куэдщ. Си къеблэгъэныгъэр Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэмкІи гъэнщІащ. Экспертхэм, жылагъуэ ІуэхущІэхэм, власть къулыкъущІэхэм, кандидатхэм, политикэ партхэм я штабхэм саІущІащ. Гуапэ зэрыхъущи, республикэм хэхыныгъэхэм хуабжьу жыджэру зыхуегъэхьэзыр. Гулъытэ хэха ягъуэт жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэр гъэхьэзырыным. ХэхыпІэ участкэ къэс, я нэхъ мащІэрейми, кІэлъыплъакІуи 3 щІэтынущ. Жылагъуэ палатэм щылэжьэнущ дэтхэнэ УИК-ми лэжьыгъэр зэрыщекІуэкІыр къыздагъэлъэгъуэну мониторхэр. Гу лъыстащ республикэм и политикэ къарухэм къэралымкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэр фІыуэ къазэрыгурыІуэм, зэрызэкъуэтым. Урысейр пэлъэщын хуейщ политикэ, экономикэ, хъыбарегъащІэ нэпцІ текъузэныгъэхэм.



**— Хэхыныгъэ махуэхэм псори хабзэм тету, нэІурыту щытыным и щытыкІэ нэхъыщхьэхэр сыт хуэдэ?**

— Мыхьэнэшхуэ иІэщ жылагъуэ кІэлъыплъакІуэхэм я лэжьыгъэм икІи ахэр фІыуэ я къалэнхэм хуэгъэхьэзырыпхъэщ. Соцсетхэм, телеграм каналым, къинэмыщІхэм, хэхыпІэ участкэхэм, агитацэ лэжьыгъэм — псоми нэІэ тетыпхъэщ, сыту жыпІэмэ фейкхэр, хъыбар нэпцІхэр, хабзэкъутэныгъэхэр куэдыкІейуэ кърахьэжьэнущ пэжыгъэмрэ захуагъэмрэ зигу темыхуэ, къэралыр, жылагъуэр хьэргъэшыргъэ хэгъэтыныр зи ІуэхущІафэхэм. ЖыІэпхъэщи, дэ апхуэдэ хьэгъэщагъэхэм дыхуэхьэзырщ, абыхэм япэщІэтынымкІэ ХэхакІуэ комиссэм зэфІэкІ иІэщ.

**— Александр Семенович, уэри зэрыжыпІащи, ди республикэм мызэ-мытІэу ущыІащ. АтІэ, мызыгъуэгум, хэхыныгъэхэм я ІуэхукІэ щытыкІэм зихъуэжауэ, зыгуэр щІэуэ лэжьыгъэм къыщагъэсэбэпу гу лъыпта?**

— Гу лъумытэну Іэмал имыІэу иужьрей илъэси 5-6-м Жылагъуэ палатэм и лэжьыгъэр хуабжьу ефІэкІуащ. Республикэм щекІуэкІа хэхыныгъэхэм иужьрей илъэсхэм хабзэкъутэныгъэ къыхэхуакъым, зыгуэр щыІами — мыхьэнэшхуэ зимыІэ, щІыпІэм деж щагъэзэкІуэжынкІэ зыхуиту щытащ. ЦІыхухэр хэхыныгъэхэм щагъэгъуэзэнымкІи лэжьыгъэр ефІэкІуащ. Жылагъуэм игу ирохь хэхакІуэ комиссэм хэтхэр, участкэхэм щылажьэхэр я унагъуэхэм къащыкІэлъыкІуэкІэ, гулъытэкІэ къащыпыкъуэкІкІэ. Апхуэдэ къабзэщи, щІыпІэ пэІудзахэм щыпсэухэри зыщагъэгъуупщэкъым, зи узыншагъэкІэ къызэхьэлъэкІхэми ядоІэпыкъу, я граждан къалэныр зэфІагъэкІыфыным папщІэ, — жиІащ Брод Александр икІи республикэм хэхыныгъэхэр фІагъ лъагэм тету, хабзэр я гъуазэу щекІуэкІыну къехъуэхъуащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

*Гугъущ 1941-1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм совет сэлэтым щызэрихьа лIыгъэм уасэ ептыныр. Дэ тщыщ дэтхэнэ зыми и унагъуэм исащ зауэлI, тылым и лэжьакIуэ псэемыблэж. Нобэ, нацизмым и щхьэр аргуэру къыщиIэтыжым, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я бынхэмрэ абыхэм я быныжхэмрэ тедгъазэу абы дыпэщIэтын къытхудохуэ.*

Абазашта

# Сержант хахуэ Агырбэ Рэшид

Фашизмым текIуахэм яхэтащ ди хэкуэгъу, Инжыдж-КIыкIун къуажэм щыщ Агырбэ Рэшид Iэмин и къуэри. Зэхэуэхэм щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу, абы къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и орденым и япэ, етIуанэ нагъыщэхэр, «За боевые заслуги», «За оборону Кавказа» медалхэр, нэгъуэщI къэрал тыгъэ лъапIэхэр.

Агырбэ Рэшид фронтым кIуащ илъэс 18 нэхъ мыхъуауэ. 62-нэ хы фочауэ бригадэм хэту и зауэ гъуэгум техьащ Сталинград и Iэгъуэблагъэхэм. А щIыпIэхэм щекIуэкIа зэхэуэ лъыгъажэхэм ятеухуа хъыбархэр ди деж къынахьэсыжащ тхыдэ тхылъхэм, фильмхэм, архив дэфтэрхэм, мафIэ лыгъэм пхыкIа ветеранхэм. Совет сэлэт мин бжыгъэхэм я хьэдэр къыщагъэнащ а щIыналъэм, ауэ бийр къызэтрагъэувыIащ. Ди хэкуэгъу Агырбэ Рэшид ящыщщ а жыхьэнмэм псэууэ къыхэкIыжыну зи насып къихьахэм.

Агырбэр хэтащ Краснодар крайр хуит къыщащIыжми, лIыгъэ хэлъу щызэуащ Тамань хытIыгуныкъуэми. Нэмыцэ фашистхэм я «Голубая линия» быдапIэ бэзым щебгъэрыкIуэм, Крымскэ станицэм деж ди хэкуэгъум къылъэщIыхьащ биишэр. УIэгъэ хьэлъэ хъури, уIэгъэщым щIэхуащ. Зигъэхъужа нэужь, абы къыщIэкIыжри, зауэлI сатырхэм яхэувэжащ.

51-нэ армэм хэту, Агырбэ Рэшид хуит къищIыжащ Донбасс, Кърымыр, Севастополь... 1944 гъэм 51-нэ армэм и дзэпашэ генерал-лейтенант Крейзер Яков къалэну хуагъэуващ Кърым гъуэгухэр къиубыдыну, бийм хъунщIэпсынщIэу ебгъэрыкIуэу, Тащенак гъущIгъуэгу станцэр зыIэригъыхьэну. Абы ипкъ иту, зауэ унафэ къыхуащIащ Агырбэм къулыкъу здищIэ 257-нэ фочауэ батальоным. Жэпуэгъуэм (октябрым) и 16-м ди зауэлIхэм бийм къыIэщIагъэкIыжащ Тащенак станцэр икIи абыкIэ Мелитополь екIуэлIащ.

А къалэр фашист зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэгъэкIыжыныр Iуэху псынщIэтэкъым. Ди сэлэтхэр щIэзэут дэтхэнэ унэми, щIы кIапэми. 51-нэ армэм и политрук Саркисян С. зауэ нэужьым къыдигъэкIа «51-нэ армэ» тхылъым итщ мыпхуэдэ сатырхэр:

«Мелитополь хуит къыщащIыжым хахуагъэ къызэрымыкIуэ къагъэлъэгъуащ 257-нэ Краснознаменнэ гвардейскэ фочауэ дивизэм и зауэлIхэм. МэIухур зыкъутэ ди фочауэхэм нэмыцэ танк 21-рэ къызэтрагъэувыIэри ягъэсащ. Танкхэм япэуващ полковник Молеванчук зи пашэ топауэ дивизэр. Сержант нэхъыжь Агырбэ Рэшид и дзэ пакIэм хэт зауэлIхэм гъущI гъуэгухэм щызэхакъутащ танкитI, зэтраукIащ бий лъэсыдзэ ротэ псо.

Сапун-бгым щебгъэрыкIуэми, Севастополь зыубыда фашистхэр щызэтраукIэми, сержант нэхъыжь Агырбэм лIыгъэшхуэ къыкъуэкIащ. Севастополь яубыдыным нэмыцэхэм махуэ 250-рэ трагъэкIуэдамэ, Дзэ Плъыжьым и зауэлIхэм ар хуит къащIыжащ махуитхкIэ. А зэхэуэм Агырбэ Рэшид и Iэ къупщхьэр икъутащ бий минэм. Бахчисарай уIэгъэщым куэдрэ щIэлъащ, уIэгъэр щIэх мыкIыжу. ЗауэлIыр зэгуигъэпт сатырхэм зэрахэмыувэжыфым. УIэгъэщым къыщIатхыкIыжа нэужь, ар хагъыхьащ генерал Плиев Хьисэ и е 4-нэ гвардейскэ шуудзэм. Абы хэту Агырбэр Пруссием нэгъунэ кIуащ. Абдежым къыIэрыхьащ нэмыцэхэм зэрызатам теухуа хъыбарыр.

1952 гъэм нэгъунэ ар хэтащ къэралым IэщэкIэ уззда и дзэхэм, къулыкъу щищIащ шуудзэм».



Агырбэ Рэшид и гъащIэм гугъуехь куэд щызэпичащ. АрщхьэкIэ абы и дежкIэ нэхъ гущIыхьэ хъуахэм ящыщщ къэхъугъитIыр. 1940 гъэм Рэшид и адэ мэкъумэш лэжьакIуэр – ветеринарыр пцIыкIэ ягъэкъуаншэри хьэпсэм ирадзащ. Унагъуэм ар зэгуэрми илъагъужакъым. Апщыгъуэм Рэшид илъэс 17 хъуа къудейт. И адэ Iэмин къехъулIахэмрэ ар здыщIэлъ кхъэмрэ Рэшид щигъэбелджылыфар 1995 гъэращ.

Апхуэдэуи и щхьэр игъэцIыкIуащ и анэ Коджаковэ Нурхъанрэ и къуэшхэу Лиуан, Леонид, Инал сымэрэ я анэм щIыгъуу хэкум зэрырагъэкIам. Абазэ унагъуэм къихъухьа сабийхэм дагуэшащ я къэрэшей анэм и хьэзабыр. А зэман дыдэм и къуэш курыт Адий гуащIэдэкI армэм ираджауэ, Донбасс щылажьэт.

1945 гъэ... ТекIуэныгъэр къэзыхьа зауэлIыр и унэм къызэрыкIуэж гъуэгур кIыхьу къыщIэкIащ. Абы и нэхэр зэтрипIэти, и нэгу къыщIигъыхьэт и анэмрэ и къуэш нэхъыщIэхэмрэ къызэрыпежьэнур, IэплIэ быдэ къызэрыхуащIынур. Ауэ и унэм щыпсэут хамэ цIыхухэр...

Агырбэ Рэшид Москва игъэзэжри, IущIащ Дзэ Плъыжьым и шуудзэм и дзэпашэ Буденный Семен и къуэдзэ, генерал, зауэм щыгъуэ нэIуасэ зыхуэхъуа Городовиков Окэ. Ар зауэлIым жиIахэм къыщIэдэIури, тхылъ хуитхащ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и тхьэмадэ Шверник Николай. ТхьэмахуитI текIри, жэуапри къэкIуэжащ. Рэшид хуитынигъэ кърататщ къыдалъхуахэр здрагъэкIа щIыпIэм кIуэну. Агырбэхэ я унагъуэм Курыт Азием и пшахъуэ къумхэм щикIуа гъуэгуанэ шынагъуэм теухуа «Услышь меня, мама!» тхылъыр 1995 гъэм къыдигъэкIауэ щытащ Рэшид и къуэш нэхъыщIэ Инал. Абы уеджэфынукъым, уи нэпсхэр къемыкIуэу.

1948 гъэм анэ Нурхъан и къуэхэу Лиуанрэ Иналрэ щIыгъуу Кавказым къигъэзэжащ, нэхъыщIэ Леонид и хьэдэр хамэщIым къыщынащ. Агырбэхэ къыщыувыIащ Хъумэрэ, Нурхъан и шыпхъу Абыкъу Наушхэ я деж. Рэшид абдежым унэ цIыкIу яхузэригъэпэщри, езым къулыкъум игъэзэжащ.

Ар дзэм къыщыхэкIыжар 1952 гъэращ. ИужькIэ илъэс 30-кIэ гугъу зыщригъэхьащ Ставрополь крайм, Къэрэшей-Черкесым я потребкооперацэм. Илъэс 18-кIэ унафэ хуищIащ облпотребсоюзым, и нэIэм щIэтащ Черкесск щIыдагъэ базэр. Илъэс куэдкIэ псэемыблэжу, хьэлэлу зэрылэжьам къыпэкIуэу, кърататщ ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь, ЩIыхь нагъыщэ орденхэр, къыхуагъэфэщащ «УФ-м сатумкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIыхьыцIэр. Ар мызэ-мытIэу хахащ Къэрэшей-Черкес облсоветым и цIыхубэ депутату, КПСС-м и обкомым хэтащ.

**КЪУМЫКЪУ Хъаджэт**




# Си адэшхуэм срогушхуэ!

Къэрачай

*Къарухэр здызэхуэмыдэ зауэм.*
*Дишхэри мэхъуапсэ,*
*Бийм жьэхэлъэну.*
*Бийр къыттекIуэкъым,*
*Псори зэхозэрыхьыж.*
*Каракетов Мырзай*
*Ящыщтэкъым биишэхэм,*
*Псом япэ иту щIалэр*
*Холъадэ зэхэуэ лъыгъажэм.*
*Биишэр къытехуами*
*ЩIалэм и пкъым,*
*Ажалым хузэтепIэкъым*
*ЛIыхъужьым и нэхэр.*
*Апхуэдэ цIыху хахуэхэр*
*Анэхэм куэдрэ къалъхукъым.*
*Аслъэным игу къыщеуэт абы и бгъэм,*
*И плъэкIэм бийр хигъэщIэнут.*



*Куэд щIащ Порт-Артур*
*картэм зэримытыжрэ,*
*ЗэкIэлъыкIуэу илъэсищэхэр текIащ.*
*Зэманым иулэнцIа сурэтхэр*
*НапэкIуэцI гъуэжьхэмкIэ къыдоплъ...*

Тхылъым къощ дыкъызытекIыжахэм лIыгъэр къызэрыщ я нэкIухэр, а зэман гугъум, псэзэпыщIэгъуэм абыхэм Хэкур яхъумащ, дэркIэ хэкупсэ щапхъи хъуащ.

Апхуэдэ цIыху хэкупсэхэм ящыщ зыуэ щытащ Хъурзыгу къуажэм къыщыхъуа си адэшхуэ Каракетов Мырзаи. Илъэс 19 нэхъ мыхъуауэ ар урыс-япон зауэм кIуауэ щытащ. УIэгъэ хьэлъэ хъуат, и шы гъэсам зэуапIэ губгъуэм къримыхыжамэ, псэууэ къэнэну къыщIэкIынтэкъым. Ар зауэм кIуат езым ипIа шы фIыцIэм тесу. Зауэм ипэкIэ ар езым игъэсат. Мырзай и шыр къедэIут, жиIэу хъуар игъэзащIэу. Биишэр къызытехуа Мырзай джэла нэужь, шыр фочауэ макъым щышынэу щIэцIывэжакъым, атIэ и хэгъэрейм бгъэдыхьэщ, тIысри, дэIэпыкъуурэ зытригъэтIысхьэжащ. Шы Iущыр, къэмытэджу, пщыуэрэ, си адэшхуэр зауэм къыхихыжащ, икIи абыкIэ и гъащIэр ихъумащ.

Мырзай и лIыхъужьыгъэр къахощыж урыс-япон зауэм щыIа къэрэшей щIалэхэм ятеухуа цIыхубэ уэрэдхэм.

*Японыбгхэр мэцIу,*
*ЩIалэхэр сатырым хэкIкъым,*
*Къэрэшей щIалэхэр хокIуадэ*

Урыс-япон зауэм щызэрихьа лIыгъэм къыпэкIуэу Каракетов Мырзай къыхуагъэфэщат Георгиевскэ жорымрэ нэгъуэщI саугъэт зыбжанэрэ.

Куэдрэ зригъэIэза нэужь, абы унэм къигъэзэжащ, унагъуэ дищIащ си анэшхуэ Курмановэ Гяусар. Зэман гуэр текIри, къэхъуащ си анэ Iэнисэт. Ауэ лIыхъужьым насып иIэтэкъым къыдалъхуахэм насыпыфIэу яхэсыну.

1911 гъэм ар дунейм ехыжри, щыщIалъхьэжащ къыздалъхуа къуажэм, Каракетовхэ я лъэпкъыкхъэм. МылIэ щIыкIэ абы уэсят ищIат ажалым къезыгъэла и шым хуэсакъынхэу. Къыдалъхуахэм я гур хэщIт, Мырзай и кхъэм щхьэщыт и шыр щалъагъукIэ. Абы махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу къытригъазэурэ кхъэм къакIуэт, щIыр фIалъэкIэ кърит хъут. Шыр зратыжа и Iыхьлы щIалэм ар ищэжыну пылъащ. Ауэ шыр зращам щратыж дыдэм, абы закъыIэщIиудри, аргуэру кхъэм дэжащ. Абы иужь шыр ящэн къахуегъэкIужакъым. ИужькIэ ар тыгъэ хуащIащ Мырзай и ныбжьэгъу, Граждан зауэм кIуэ я къуажэгъу гуэрым.

Сэ си анэм сыщIыгъуу куэдрэ сыкIуэт Мырзай и кхъэм. Ауэрэ гъэхэр кIуащ, си анэр дунейм ехыжащ, си дэлъхухэмрэ си шыпхъухэмрэ зэбгрыкIащ. Иджы дыдэ Каракетовхэ я къуэхэм хъыбар сагъэщIащ урыс-япон зауэм и лIыхъужь Каракетов Мырзай фэеплъ сын хуагъэувын зэрамурадымкIэ. Ахэр къыщIэлъэIуат си арэзыныгъэм, сэри дауэ «хьэуэ» яжесIэнт...

ЩIалэхэм – си адэшхуэм и лъэпкъэгъухэу Мыхьэмэт, Хьэсэн, Руслан, Ансар сымэ — махуэ бжыгъэкIэ Iуэхур «зэфIаудащ».

Ноби си нэпсхэр къекIуэу а IуэхуфIыр сигу къокIыж, икIи гъащIэ кIыхькIэ Тхьэм сахуолъэIу блэкIам и фэеплъыр зыхъумэ ди щIалэхэм.

**ХАПАЕВЭ (УЗДЕНОВЭ) Айсурэт**

Дэнэ Республики

**Прокоповичхэ я унагъуэм и махуэхэр зэгуэрми езэшыгъуэкъым...**

# Беягъым я нэхъыфIыр

ЗэщхьэгъусэзэчиифIэхэмрэ абыхэм я бынхэмрэ дэ нэIуасэ дахуэхъуащ уэрэджыIэ гупхэм я Урысейпсо зэпеуэм и хэгъуэгу къекIуэкIыгъуэр здызэхыхьа республикэ купсэм. Зи ныбжькIэ иджыри щIалэ адэ-анэхэмрэ дахэу хуэпа я сабийхэмрэ гур, псэр яхьэхуу жаIэт езыхэм зэхалъхьэжа «Еще солнце попрежнему светит» уэрэдыр. «Семейный ансамбль «Связь поколений» номинацэмкIэ мы унагъуэм етIуанэ увыпIэр ищтат. А зэпеуэмкIэ дыпыщIа хъуащ Зеленчук станицэм щыщ Прокоповичхэ Степанрэ Аннэрэ я унагъуэшхуэм.

**ГъащIэхэр зэхэухуэна зэрыхъуар**

Степани Анни унагъуэшхуэхэм къихъухьащ. Абы къыхэкIыу, унагъуэ иным и фIымрэ къаруэ иIэмрэ фIы дыдэу ящIэ.

Степан къыщыхъуащ Ульяновск къалэм, зи гущэхэм сабиибл къитэджыкIа унагъуэм.

— Сэ сабийхэм сыетхуанэщ. Си къуэш нэхъыщIэр ДЦП иIэу сымаджэт. Абы сыдэIэпыкъуурэ сыкъэтэджащ. Ар си ныбжьэгъу нэхъыфI дыдэхэм ящыщт. Абы къыхэкIыу сызэрыцIыкIу лъандэрэ сыщыгъуазэщ узыншагъэкIэ дагъуэ зиIэхэр зыхуэныкъуэм, — жеIэ абы. — СыкъызэрытэджыкIа унагъуэр динщIэкъут, чыристант. Ди унагъуэм зэгуэрми фадэ щызэрахьакъым, зыри щызэщыхьакъым, нэгъуэщI мыхъумыщIагъэхэр тлъэгъуакъым. Чыристан жэмыхьэтым (общинэм) дыхэтти, абы хуэфащэ гъэсэныгъи дгъуэтт, ди адэмрэ анэмрэ сыткIи щапхъэ тхуэхъут.

ЕджапIэ нэужьым Степан «станочник широкого профиля 4 разряда» унэтIыныгъэмкIэ IэщIагъэ училищэр фIы дыдэу къиухащ. «Мастер производственного обучения, техник-технолог» IэщIагъэмкIэ абы къыкIэлъигъэкIуащ педагогическэ колледжыр.

Аннэ къыщыхъуащ Волгоград областым, Калач-на-Дону къалэм. Ар километр миным нэблагъэкIэ пэжыжьэщ Ульяновск. СабиибгъуздапIа унагъуэм Аннэ етхуанэт. Къызэдалъхуахэр ягъэсащ чыристан хабзэхэм тету.



— Дэ куэдымкIэ дызэщхьщ ди теплъэкIи, ди гупсысэкIэкIи. ГъащIэм дызэреплъыр, дызэрыбгъэдыхьэр зэхуэдэщ, къыддекIуэкI хабзэхэри зыщ, — жеIэ Степан. — Ар къызгурыIуащ нэIуасэ дызэрызэхуэхъум хуэдэу.

2011 гъэм ныбжьыщIэхэм унагъуэ зэдащIащ. Нысашэм цIыху 250-м нэблагъэ щыIащ! АтIэ, нэгъуэщIу дауэт, апхуэдиз Iыхьлы щыуиIэкIэ...

КъыкIэлъыкIуэ илъэсым абыхэм къахуэхъуащ Тимофей, абы къыкIэлъыкIуащ пхъуищ, итIанэ – аргуэру щIалэрэ хъыджэбзрэ. Я къуэ нэхъыщIэ Михаэл дунейм къытехьащ нэгъабэ. Прокоповичхэ я унагъуэм псори зэхэту къыщызэщIотаджэ къуищрэ пхъуиплIрэ.

Псалъэм къыдэкIуэу жытIэнщи, Степан и адэ-анэм къуэрылъхуми пхъурылъхуми 40-м нэблагъэ яIэщ, Аннэ и адэ-анэми – апхуэдиз. ФIыр куэду щытын хуейщ!

**Апхуэдизым дауэ фыхущIыхьэрэ?**

— Дэр дыдэми ди щхьэм къытхуегъэтIэскъым а псоми дазэрыхущIыхьэр, — къыддогуашэ Аннэ. — ГурыIуэгъуэщ, унагъуэшхуэм гугъуехьхэри иIэщ. Сабий къэс къыдэкIуэ гуфIэгъуэм щIыгъуу, гулъыти хуэныкъуэщ. Дэ сабиибл диIэщ. Ар куэд? Хьэуэ. Уэуейхэр зэгуэрми куэдкъым. Абы къинэмыщIауэ, унагъуэшхуэм щапI сабийхэр йосэ фIым, я гур зэхуэмыгъуэным, зэдэIэпыкъуным. Унагъуэ гугъуехьхэми нэхъри дызэрашалIэ, нэхъ быдэ дащI.

Гъэунэхуныгъэ къызэрымыкIуэхэм япхыкIащ унагъуэр, 2016 гъэм Аня и Iэпэм розэ банэр къыхэуэу е щекIуам. Ар плIэрэ операцэ ящIащ, наркоз зэфэзэщым щIэту, и Iэр пахынми нэсат. Ауэ Тхьэр гущIэгъулыщ, къихъумащ.

— Сэ слъагъут ар хьэзабу зыхэтыр, ауэ и гур зэримыгъэкIуэдым сэри къару лей къысхилъхьэт, — игу къегъэкIыж Степан. — Ауэ унагъуэм и гъэунэхуныгъэр абыкIэ зэфIэкIакъым. Илъэс текIри, езы Степани пIэм хэгъуэлъхьащ. Псантхуэ бэзым и узым мазиплIкIэ къриудащ. Ауэ фIыщэу илъагъу и Анютэ шыIэныгъэ хэлъу, ерыщу къызэрыпылъыр щилъагъукIэ, езыри хуэпабгъэт нэхъ щIэхыу и лъэ теувэжыным.

Зэщхьэгъусэхэм я сабиигъуэм къыхалъхьа унагъуэ лъапIагъэхэр, я адэанэм я щапхъэ хьэлэмэтыр, я унагъуэм илъ чыристан гъэсэныгъэр – а псори Прокоповичхэ Степанрэ Аннэрэ къащхьэпащ гъащIэм зыпэщIигъэхуа гъэунэхуныгъэхэр къызэранэкIынымкIэ.

**Нэхъыщхьэр псори зэгъэкIунращ**

ГъащIэм апхуэдэу зэблихри, Прокоповичхэ я унагъуэр 2018 гъэм Къэрэшей-Черкесым къэкуэшыжащ.

— Мыбдежым цIыхухэм къадекIуэкI зэхэтыкIэмрэ хабзэхэмрэ гъэщIэгъуэн дыдэщ, — я гупсысэхэмкIэ къыддогуашэ зэщхьэгъусэхэр. — Псом нэхърэ нэхъ ди гуапэр дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэ лъэпкъ щхьэхуэхэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрыпсэуращ, — жаIэ абыхэм.

Степан гъущIзэпыгъажьэщ, Аннэ унэгуащэщ. Ар унагъуэмрэ сабийхэмрэ якIэлъыплъ къудейкъым, абы Iэнэр Iэзэу еузэд, унагъуэ дизайнми хуэIэижьщ, абы къыхэкIыу абыхэм я махуэхэр зэгуэрми езэшыгъуэкъым. Нэхъыщхьэр псори зэгъэкIунращ. Прокопович зэщхьэгъусэхэм я бынхэм халъхьэ псэ лъапIагъэ уахътыншэхэр, сабийхэр гулъытэншэ ящIкъым, абыхэм ядолажьэ, ядоджэгу, ахэр кIуэрабгъу тэмэмкIэ яунэтI.

— Дэ утыкум дыкъихьэу зыкъэдгъэлъэгъуэным ущхьэгъу хуохъу зэхэтлъхьэ уэрэдхэм нэхурэ хуабэрэ къазэрыпихыр, — щIогуфIыкI зэщхьэгъусэхэр. — Ди унагъуэ щапхъэмкIэ, ди уэрэдхэмкIэ цIыхухэм янэтхьэсыну дыхуейщ: насыпыр зыхэлъыр ахъшэракъым, зэпыщIэныгъэракъым, атIэ гущIэм илъ мамырыгъэмрэ зэкIуныгъэмрэщ. Ар беягъэхэм я нэхъыфIщ.

**БОГАТЫРЕВЭ Шэхъриззэ**

Ногай давысы




# «Карлыгаш» еджапIэ телевиденэ

Иджырей гъащIэр уи нэгу къыпхущIэгъыхьэнукъым цIыхубэ коммуникацэхэмрэ социальнэ зэпыщIэныгъэхэмрэ хэмыту. Илъэсым щIигъуауэ, Кумуков Х. и цIэр зезыхьэ Икон-Хьэлъкъ курыт еджапIэм щолажьэ «Карлыгаш» еджапIэ телевиденэр. «Карлыгаш»-м къокI «ПцIащхъуэ» жэуэ. ЕджакIуэ цIыкIухэм IуэхущIэм зыщыхуагъасэ еджапIэм и «Точка роста» пэшым. Абы папщIэ зыхуэныкъуэ псори яIэщ: компьютер, видеокамерэ, микрофонхэр, программэхэр зэрызэхагъэувэ Iэмэпсымэхэр. КъинэмыщIауэ, езы сабийхэм я жып илъщ сурэттеххэмрэ видеокамерэхэмрэ зыхэт иджырей телефонхэр. Сабий телевиденэм и унафэщIщ ГТРК - м и Къэрэшей-Черкес къудамэм и нэгъуей студием и журналист Iэзэ Матакаевэ Iэлимэт.

ЕджапIэ телевиденэр сабийхэм творческэу зезыгъэуэжь проект хьэлэмэтщ. Ар ятегъэпсыхьащ лъэныкъуэ куэдымкIэ зызузэщIыну хуейхэм. Мыбдежым сабийхэм журналист щIэныгъэхэр зэрызрагъэгъуэтым къинэмыщIауэ, загъасэ я гупсысэхэр творческэ и лъэныкъуэкIэ зэгъэкIуауэ телевизореплъхэм я деж нахьэсу, камерэм и пащхьэм щымыIэнкуну. УнафэщIым ахэр хуегъасэ я гупсысэ нэхъыщхьэр къыхагъэбелджылыкIыу, я гурылъхэр IупщIу ятхыу, псалъэхэр тэмэму жаIэу, текстым гъэхуауэ къеджэу, упщIэхэр тегъэчынауэ ягъэуву, нэгъуэщI куэдым.

— ЕджапIэ телевиденэр къызэгъэпэщыным и къехьэжьакIуэу къыщIэкIащ еджапIэм и унафэщI Унаджевэ Фатимэ, икIи абы сыкъригъэблэгъащ мы Iуэхур адэкIэ сунэтIыну. АнэдэлъхубзэкIэ лажьэ телевиденэр хуабжьу сигу ирихьащ, икIи схуэчэфу сеувэлIащ а Iуэхум, — жеIэ Iэлимэт.

И пэжыпIэкIэ, анэдэлъхубзэр зэгъэщIэныр тегъэчынауэ къыздэувыр мыбдеж закъуэракъым. Ар адрей еджапIэхэри, лъэпкъхэри зэгупсысыпхъэ Iуэхуу къонэ. И нэхъыбапIэм сабийхэр еджапIэми, абы и щIыбми, уеблэмэ я унэм дежи урысыбзэкIэщ зэрыщыпсалъэр. ГугъапIэ щыIэщ анэдэлъхубзэкIэ лажьэ телевиденэм мы Iуэхур зыгуэркIэ иригъэфIэкIуэну.

— СызэрегупсысымкIэ, сабийхэр теленэтынхэм зэрыхэтынум къахуигъэушынущ я анэдэлъхубзэм хуэгъэза щIэщыгъуэр. Мы лъагъуэ цIыкIум зыгуэрхэр телевиденэ иным щылэжьэным хуишэнкIэ мэхъу. Псори зэрыщыгъуазэщи, ди лъэпкъ журналистикэм IэщIагъэлIхэр и гъаблэщ. Сабийхэр еджапIэм щIэс щIыкIэ мы Iуэхум дихьэхмэ, къэкIуэнум абыхэм къахэкIынущ IэщIагъэлI IэпщIэлъапщIэхэр, — жеIэ Унаджевэ Фатимэ.

Сабийхэр еджэным къыщыдэхуэ зэманым тхьэмахуэм тIэунейрэ къокIуэ телевиденэ Iуэхум зыхуагъэсэну. Апхуэдэхэр илъэси 10-12 зи ныбжь сабий 15 хуэдиз мэхъу. Iуэхум нэхъ дихьэхыу, абы и лъэныкъуэкIэ гъерэт къакъуэкIыу къэбгъэлъагъуэ хъунущ Баисовхэ Джамалиерэ Наилиерэ, Баджевхэ Аринэрэ Самирэрэ, Барануковхэ Малыч, Заринэ, Илдар, Рамазановэ Лаурэ, Матакаевэ Iэминэ, нэгъуэщIхэри.

— Сабийхэм хуабжьу ягу ирохь видео зытрахыну, сюжет зэхуэмыдэхэр ягъэхьэзырыну. Мэлъыхъуэри, къагъуэт темэхэр, монтажым зыхуагъасэ. Зэман куэд токIуадэ текстыр тхыным, псалъэхэр тэмэму жыIэным, дикциер гъэувыным. Псоми нэтыным и къызэгъэпэщакIуэу, ведущэу загъэунэхуну хуейщ, — жеIэ Матакаевэ Iэлимэт.

«Карлыгашым» игъэхьэзыра нэтынхэм телеграм-каналми фыщеплъыфынущ. ИкъукIэ сфIэгъэщIэгъуэну сеплъащ афган зауэм хэтахэм еджапIэм деж зэраIущIам теухуауэ корреспондент ныбжьыщIэхэм ягъэхьэзыра программэм, «Истоки реки моей» щIэныгъэ конференцэм теухуауэ трахам. Анэдэлъхубзэм теухуа репортажхэр ягъэхьэзырри икIи ирагъэкIуэкIащ Баисовэ Наилэрэ Баджевэ Аринэрэ. Абы иужь телевиденэм еплъхэр нэIуасэ хуащIащ лъэпкъ псалъэжьхэмрэ жыIэгъуэ шэрыуэхэмрэ. Сабийхэр дехьэх «Туздаьм» («Шыгъу-пIастэ») рубрикэм хэтыным. Мыбдежым пщафIэ ныбжьыщIэхэр телевиденэм еплъхэм къадогуашэ нэгъуей шхыныгъуэхэм, адрей лъэпкъхэм ягъэхьэзырхэм я щэхухэмкIэ.

— Ди телевиденэр и ныбжькIэ иджыри щIалэщ икIи и гъащIэ зэхэщIыкIыр еугъуей къудей. Мы Iуэхум елэжьхэр зэрегугъумкIэ уолъагъу ари зэрахузэфIэкIынур, — жеIэ еджапIэм и унафэщIым.

Телевиденэм къинэмыщIауэ, еджапIэм къыщыдагъэкI «Факел» газетыр. Ар зы зэман гуэркIэ зэпагъэуати, мы гъэм щIадзэжащ. Абы и зы напэкIуэцIыр традзэ урысыбзэкIэ, адрейр – нэгъуеибзэкIэ – анэдэлъхубзэр хъума хъун папщIэ.

«Карлыгаш» еджапIэ телевиденэм дохъуэхъу творческэ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъыхьэну, телевизореплъ набдзэгубдзаплъэхэр къыдишэхыну.

**НАЙМАНОВЭ Рае**

Анэдэлъхубзэм и Лъэпкъыбзэ Махуэм

# Псоми зэдай Iуэрытх



*Илъэс ещанэ хъуауэ, Алиев Умар и цIэр зезыхьэ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым и жэрдэмкIэ, КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и дэIэпыкъуныгъэкIэ, ди хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэмкIэ Iуэрытх ин щрагъэкIуэкI мазаем и 21-м — анэдэлъхубзэхэм я Лъэпкъыбзэ Махуэм ипкъ иткIэ.*

А Iуэхугъуэр хуабжьу щхьэпэщ анэбзэр лъэпкъым и псэу зэрыщытыр дигу къэдгъэкIыжынымкIэ, дэтхэнэ зыми гъащIэм щыдиIэ Iэмэпсымэ нэхъыщхьэм — ди бзэм и пщIэр дымыгъэкIуэду, хуэфащэ гулъытэ едгъэгъуэтынымкIэ. Зэрыгуры-Iуэгъуэщи, абыкIэ щхьэж жэуапу ихьыр инщ икIи мыхьэнэшхуэ зиIэщ.

Мыгъэрей Iуэрытхыр убгъуауэ екIуэкIын, лъэпкъ къэс и анэдэлъхубзэм и лъэщагъым щыгъуазэ зыхуищIыфын, тхэн и лъэныкъуэкIэ хэт сыт хуэдэ щIэныгъэ бгъэдэлъми къипщытэжыфын папщIэ, ди республикэм и щIыпIи 120-м щIигъум бзиплIкIэ щатхащ КIыщокъуэ Алим, Щхъей Екатеринэ, Байрамуковэ Хьэлимэт, Капаев Исса тхакIуэ, усакIуэ щэджащэхэм я IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм къыхаха пычыгъуэхэр.

— Лъэпкъыбзэ Iуэрытх иным и къалэн нэхъыщхьэр КъЧР-м щыпсэу лъэпкъхэм я бзэхэр Урысейми хамэ къэралхэми нэхъри хэIущIыIу щытщIын, анэдэлъхубзэм нэхъыбэ дедгъэхьэхын зэрыхуейращ. Ар жыджэру джынми, къабзэу псэлъэфу икIи тхэфу загъэсэнми гукъыдэж хуаIэу зэрыдгъэпсыным дыпылъщ, — Iуэрытхым ехьэлIауэ ялэжь проектым и гугъу ищIащ Къэрэшей-Черкес къэрал университетым и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Узденов ТаусулътIан.

Урысейм хуэдэуи, илъэс етIуанэ хъуауэ Iуэрытхым хэтщ Тыркур, Къыргъызстаныр, Франджыр, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр. 2024 гъэм абыхэм къахыхьащ Хьэрып Эмират Зэгуэтхэри, Сауд Хьэрыпри, Норвегиери, Австриери.

Хабзэ зэрыхъуащи, Iуэрытхым и тхыпIэ нэхъыщхьэщ Карачаевск къалэм дэт къэрал университетыр, абдеж онлайн IэмалкIэ адыгэбзэкIи, абазэбзэкIи, къэрэшеибзэкIи, нэгъуеибзэкIи тхыгъэхэм къыщоджэ. Ауэ, Черкесск къалэм дэс ди лъэпкъэгъухэм, ипэ илъэсхэми хуэдэу, Iуэрытхыр щатх Байрамуковэ Хьэлимэт и цIэр зезыхьэ Къэрал Лъэпкъ библиотекэм и зэхуэсыпIэ пэшым.

Лъэпкъ Iуэхум хэтын папщIэ, мы гъэм тхылъ хъумапIэм Iуэрытх щызытхахэм яхэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, ди хэгъуэгум и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, «Черкес хэку» газетым и лэжьакIуэхэр, адыгэм къыхэкIа тхакIуэхэр, егъэджакIуэхэр, жылагъуэ Iуэхузехьэхэр.

АдыгэбзэкIэ ятха Iуэрытхыр къыхахащ КIыщокъуэ Алим и «Щхьэлмывэкъуэ къуажэр» тхыгъэм. Абы къахуеджар «Черкес хэку» газетым жэуап зыхь и секретарь, «Лэгъупыкъу» сабий журналым и редактор нэхъыщхьэ Аслъэныкъуэ Мадинэщ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Гъуазджэ

# ТекIуэныр зи хабзэ



***Мазаем и 25-м Ставрополь крайм хыхьэ Железноводск къалэм щекIуэкIащ «Легенды Кавказа» зи фIэщыгъэцIэ Урысейпсо фестиваль-зэпеуэр. Гуапэ зэрыхъущи, а Iуэхум хэтащ икIи япэ увыпIэ зыбжанэкIэ къыщыхэщауэ къытхуеблэгъэжащ Тобыл Хьэрис и цIэр зезыхьэ, лъэпкъ къафэмкIэ «Ашэмэз» цIыхубэ ансамблыр.***

Мы зэпеуэр къэзыпщытэжыну зи пщэ дэлъа жюрим, зы мэскъалкIи чэнджэщ къимыхьу, зи зэчийр IэкIуэлъакIуэу утыку изыхьа, адыгэ къафэр нэсу къэзыщIа ди лъэпкъэгъу цIыкIухэм щэнейрэ къыхуагъэфэщащ япэ нагъыщэ зиIэ Лауреат цIэ лъапIэр. А псом ищIыIужу, гуфIапщIэу къратащ сом мин 15 зэрылъ Сертификат тхылъыр, Москва, Сочэ, Батуми, Къэзан къалэхэм куэд мыщIэу къафэмкIэ щызэхэтыну зэпеуэхэм зыкъыщагъэлъэгъуэну зэрыхуитыр иту.

«Легенды Кавказа» фестивалым къыпэкIуам и гугъу пщIымэ, ансамблыр япэ нагъыщэ зиIэ Лауреат хъуащ «Мухьэжырхэм я къафэ», «Удж», «Лъапэлъэф» къафэхэмкIэ. Иужьрей цIыхубэ къафэр щхьэхуэу къыхэгъэщыпхъэщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы фестиваль-зэпеуэм и саугъэт нэхъыщхьитIри къиихьыну хузэфIэкIащ — Лауреат, «Гран-При» хуэдэхэр.

Ансамблым щыщу Тхьэгъэпсэу Анзор и цIэр ираIуащ зэхьэзэхуэм и «Саугъэт хэха» тыгъэмкIэ. Ар абы къылъысащ текIуэныгъэм нэрыгърэ хущIэкъуныгъэрэ хуиIэу зэрыхуэкIуам папщIэ.

Дигуми, ди псэми къабгъэдэкIыу, дыгушхуэу дохъуэхъу ехъулIэныгъэфI къэзыхьа «Ашэмэз» къэфакIуэ гупым, ахэр зыгъасэхэм — КъЧР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Уэзрокъуэ Зураб, балетмейстерхэу Адэмокъуэ Ахьмэдрэ Борсэ Беллэрэ.

Тхьэм адэкIи я творческэ гъуэгур купщIафIэрэ дахэу щигъэт, ехъулIэныгъэфIрэ лъэпкъым и пщIэр зыIэт лэжьыгъэрэ куэду къарит!

**ЛЫХЬ Тимур**

Зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэ

# Мазэ лэжьыгъэ

Зыхъумэжыныгъэ, зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ щIалэгъуалэм драгъэкIуэкI мазэ лэжьыгъэр хэкупсэ уэрэдкIэ щызэхуащIыжащ Амирокъуэ Ибрэхьим и цIэр зезыхьэ Куэш-Хьэблэ гимназием. А Iуэхур траухуащ Хэкум и хъумакIуэм и Махуэм.

Мазэ псокIэ еджапIэм щекIуэкIа дауэдапщэхэм я фIыгъэкIэ, ди къэралым и тхыдэмкIэ цIыкIухэм я щIэныгъэм хагъэхъуащ. Хэку зауэшхуэм щыгъуэ фронтым Iутахэм, тылым хуэлэжьахэм, мамыр гъащIэм зи къарурэ псэрэ щIэзытахэм пщIэ лей хуэщIын зэрыхуейр хьэкъыу япхыкIащ.

Гимназием щеджэхэр мазэкIэ хэтащ хэгъуэгу, еджапIэкIуэцI мыхьэнэ зиIэ зэпеуэхэм, гъэлъэгъуэныгъэхэм, онлайн акцэхэм, фэеплъ пшыхьхэм, лIыгъэ дерсхэмрэ класс зэIущIэхэмрэ.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**













МафIэс шынагъуэншагъэ

***Мы гъэм кърихубыдэу, Къэрэшей-Черкес Республикэм и мэзхэр мафIэсхэм щыхъумэным теухуа Своднэ планыр хэгъуэгум и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид къиищтащ.***

# Мэз мафIэсхэр

Ипщэ, Ищхъэрэ Кавказ федеральнэ хэгъуэгухэм я мэз хъызмэт Департаментхэр, мэз хъызмэтымкIэ Федеральнэ агентствэр зыхэплъа, арэзыныгъэ зрата планыр зэхагъэуващ хэгъуэгум и мэз щIыпIитхум лэжьыгъэхэр зэрыщрагъэкIуэкIыным тещIыхьауэ.

ЖыIэпхъэщи, мэз мафIэсхэр къыщыхъейуэ ялъытэр гъатхэрами, мэзхэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэр абы ипэ къихуэу ирагъажьэ. Псори зэхэту цIыху 1149-рэ техникэ зэмылIэужьыгъуэ 86-рэ Своднэ планым къигъэув къалэнхэм тележьэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, илъэсыр зэрыщIидзэрэ республикэм и мэз щIыпIэхэм мафIэс къыщыхъуакъым. Гъатхэпэм и 1-м республикэм щыщIедзэ мэз мафIэс шынагъуэ щытыкIэ хэхар.

Мэзым мафIэс къыщыхъеямэ е апхуэдэ щытыкIэм хуэкIуэу гу лъыфтамэ, мэз хъумакIуэхэм фахуекIэпсауэ: **8-800-100-94-00** (зэпыщIэныгъэр пщIэншэщ).

**ТУАРШЫ Ирэ**

Егъэджэныгъэ

# ЯгъэунэхуамкIэ зэхъуэжащ



«Герои компании ОГЭ» зи фIэщыгъэцIэ акцэм ипкъ иту, Хьэбэз районым и администрацэм егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм къыбгъэдэкIа дэфтэрыр и лъабжьэу, районым ит курыт еджапIэхэм мазаем и 12-28 махуэхэм лэжьыгъэ хэха щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ е 10-11-нэ классхэм хэс еджакIуэхэр, ОГЭ экзаменхэр зыпэщIэкIахэр апхуэдэ щIэныгъэ гъэунэхуныгъэхэр къызыпэщыт, е 9-нэ классхэм щеджэхэм япсэлъэныр, мастер-классхэр ирагъэкIуэкIыныр.

Апхуэдэу, Беслъэней къуажэ курыт еджапIэм зэIущIэ щекIуэкIащ. Унеж Зулифэ зи класс унафэщI е 11-нэ классыр, е 10-м хэсхэри яIущIащ е 9-нэ классхэм щеджэ еджакIуэ 24-м. Зэпсэлъэныгъэр теухуауэ щытащ къапэщыт ОГЭ-м. Класс унафэщIыр къызэрыддэгуэшащи, и нэхъыбэу еджакIуэхэр зэпIэзэрыту бгъэдохьэ мы Iуэхум, экзаменхэм щышынэу, пIейтеиныгъэ егъэлея ядэплъагъукъым, ауэ жэуаплыгъэри зыщагъэгъупщэкъым. Апхуэдэ щытыкIэм щхьэмыпэкIэ къанэкъым, атIэ, еджакIуэ нэхъыжьхэм ягъэунэхуагъэххэмкIэ нэхъыщIэхэм ядэгуэшэн лэжьыгъэр. Зэпсэлъэныгъэм къыпэкIуэ сэбэпщ ОГЭ-р къызыпэщытхэм щытыкIэ псори тыншу къагурыгъэIуэныр, я зэфIэкIхэмкIэ фIэщхъуныгъэу яIэр щIэгъэбыдэныр, экзаменхэм зыхуагъэхьэзырынымкIэ Iэмал зэхуэмыдэу щыIэхэр яжеIэныр, икIэмикIэжым — балл лъагэхэм хуэгъэпабгъэныр.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Дохъуэхъу

## ГъукIэмыхъу Алий Чэшиф и къуэм



*илъэс 90 зэрырикъуамкIэ!*

*Гукъыдэжыр къыбдэушу,*
*Берычэтыр унэм илъу,*
*Уи лъэр жану,*
*Уи жьэгур хьэщIэ кIуапIэу.*
*Нэмыс, хабзэм я зекIуапIэу,*
*КъакIуэр фIыкIэ къыпхуеблагъэу,*
*Уи щхьэр ину, уи пщIэр лъагэу,*
*Дуней фIыгъуэм ущымыщIэу,*
*Тхьэм иджыри куэдрэ утхуигъэпсэу!*

**Фатимэ, Майе, Мурат, Тае, къуэрылъху-пхъурылъхухэр**

«Черкес хэку» газетым и илъэси 100-м хуэкIуэу

# Газетыр зыгъэдахэт

*ГукъэкIыжхэр*



Редакцэм сызэрыщылажьэрэ илъэс зыбжанэ текIауэ сурэтыщI-ретушер иIэ хъуат. Абы къикIыр газетым традзэ сурэтхэр зыгъэдахэт. Редактор Шурдым Кушыку лэжьакIуэхэр дызэхуишэсри нэIуасэ дыхуищIат а къалэныр зыгъэзэщIэну щIалэм. Палех художественнэ еджапIэ цIэрыIуэр къэзыухыу зи щIыналъэм къэзыгъэзэжа, Зеикъуэ къуажэм щыщ **ЩЫНАХЪУЭ Алийт** ар.

ЩIалэр щэхуу, псэлъэныр фIыуэ зымылъагъуу щытти, зэ щхьэкIэ къытфIэщIат цIыху щхьэзакъуэу, пэшэгъу ищIынIауэ хуэмей хуэдэу.

Ауэ хуабжьу дыгъуэщауэ къыщIэкIащ. Зэман текIщ, сурэтхэр игъэдахэу, езыми лэжьакIуэ пэрытхэм я сурэтхэр ищIурэ газетым трыригъадзэу щыщIидзэм, къыдгурыIуэжащ дызэрыгъуэщар. МащIэ-мащIэурэ гупым къытхэзэгъащ. Алий — гушыIэныр фIыуэ зылъагъу, гушыIэкIэ дахи зыхэлъу къыщIэкIащ. Псом хуэмыдэу газетым «шыбжий» плIанэпэ иIэти, ар хуабжьу узыгъэдыхьэшх сурэтхэмкIэ игъэщIэращIэт. Нобэми Алий и сурэтхэр зылъэгъуауэ щытахэм фIыкIэ ягу къагъэкIыж.

Апхуэдэ зыуэ щытащ районхэм я зэхьэзэхуэр къызэригъэлъэгъуауэ щытар. Пашэныгъэр къэзыхьар адыгэш дахэхэм тесщ. ЕтIуанэ увыпIэм итыр къыдырым тесщ, ещанэр — шыдым. КъыкIэрыхур шылъэгум тесщ, аргуажьэ (бгъэным къыхэщIыкIа) бэракъыр иIыгъщ.

А сурэтхэр апхуэдизкIэ цIыхухэм яфIэгъэщIэгъуэн хъуати, ди газетыр зэпаубыду лъыхъуэт, партым и обкомми апхуэдэ зэхьэзэхуэ къэгъэлъэгъуэкIэр игу ирихьри щапхъэу игъэлъэгъуат.

Алий и гушыIэ сурэтхэм газетым и пщIэр хуабжьу къиIэтати, адыгэхэм я мызакъуэу нэгъуэщI лъэпкъхэми Iэпэ щIадзт.

Сытым хуэдэ гушыIэ сурэтхэр редакцэм щIэлъа! Зы лэжьакIуэм и махуэщIыр гушыIэ сурэткIэ имыгъэлъапIэу блигъэкIтэкъым. Псалъэм папщIэ, Гъуэщокъуэ Хъусин, Бахътыр Исмэхьил, Брат Хьэбас, Хьэбэчыр ФатIимэт сымэ яхуищIа гушыIэ сурэтхэр уеблэмэ тхылъхэм ихуащ.

Къантемыр Тыркубий редакцэм щIашри къулыкъум яшат. Письмо къитхат, постым ягъэув зэпыту, и жей иримыкъуу, гугъу ехьу. Алий зэуэ къигъуэтащ теплъэ тэрэз. Тыркубий постым щытщ, и фочыпэм къуаргъыр фIэсщ — Тыркубий щыту мэжей, ипIэкIэ къуаргъым къулыкъур ирехьэкI!..

Псом хуэмыдэу сэ сриIащ гушыIэ сурэтхэр стрищIыкIыу. Къэрэндащ гъэджэрэзыгъуэкIэ сэщхьыркъабзэу си сурэтыр къыщIригъэдзт. Ахэр зэхуэхьэсауэ сиIэти, Алий и фэеплъу къэнэн папщIэ тхылъым изгъэуващ.

Газетым и зы махуэщI блигъэкIакъым лэжьакIуэхэм я сурэтхэр имыщIу, ахэр иту газет щхьэхуи къыдэкIт.

ГъэщIэгъуэныр сыт — дэтхэнэми и сурэтыр ищIт къызэрыпцIыхужынум хуэдэу.

Алий газетым щылэжьащ и сурэт къызэрымыкIуэхэмкIэ адрей газетхэр къыдигъэхъуапсэу, газетыр теплъафIэ зэрищIыным и гумрэ и псэмрэ етауэ. Абыхэм и гушыIэ дахэр щIыбгъуэжмэ, щIалэ хьэлэмэту къытхэтащ, апхуэдэуи ди гум къинэжащ.

**ДАУР Жэхьфэр**













Щыгъуэ

Къэрэшей-Черкес Республикэм лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ коммуникацэхэмрэ печатымрэкIэ и Министерствэм щылажьэхэр дыхуощыгъуэ «Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ Алтынай Юнус и пхъум

**и анэ Рахьимэ**

дунейм зэрехыжамкIэ.

ПщIэ зыхуэтщI ди лэжьэгъу! Дывдощыгъуэ икIи вдыдогуэш фи унагъуэмкIи, фи IыхьлыхэмкIи вгъуэта хэщIыныгъэмрэ гуауэмрэ!

Урысейм и журналистхэм я Союзым и Къэрэшей-Черкес хэгъуэгу къудамэм и Правленэм къыбгъэдэкIыу, зэрыжурналист жылагъуэу гущIыхьэ ин тщыхъуащ «Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ Алтынай

**и анэ Рахьимэ**

дунейм зэрехыжар.

Тхьэм и фэеплъ нэхур и Iыхьлыхэмрэ и унагъуэмрэ я гум сыт щыгъуи иригъэлъ.

«День республики», «Абазашта», «Къарачай», «Черкес хэку» республикэ газетхэм я редакцэхэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ин тщыхъуащ икIи дыхуощыгъуэ «Ногай давысы» газетым и редактор нэхъыщхьэ Атуовэ Алтынай Юнус и пхъум

**и анэ Рахьимэ**

дунейм зэрехыжам папщIэ.

"Черкес хэку" газетым и лэжьакIуэхэм гущIыхьэ тщыхъуащ адыгэ газетым пыщIэныгъэшхуэ къыхузиIэ ПIэф ФуIэд и щхьэгъусэ

**Розэ (ЩакIуэхэ япхъу)**

дунейм зэрехыжар. Дахуощыгъуэ и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ.

Черкес хэку

www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ,
ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 20I0 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. Къыдэкl бжыгъэр 2838-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр I7:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр I7:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-0I-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-I4,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректор МУССЭХЭ Зуридэ,
оператор ЕМЗЭГЪ Даринэ